

BAB II

SOSIOLOGI, AJÉN-INAJÉN, KABUDAYAAN, JEUNG KAULINAN TRADISIONAL

2.1. Sosiologi

2.1.1. Wangenan Sosiologi

Sacara etimologi, sosiologi asalna tina kecap latin “socius” nu hartina “babaturan/masyarakat” jeung kecap basa Yunani “logos” nu hartina “kecap” atawa “nyarita”. Jadi, sosiologi hartina “nyarita ngeunaan babaturan/masyarakat.” Max Weber (dina Wahyuni jeung Yusniati 2004:4) nétélakeun “sosiologi nya éta élmu nu ngusahakeun pikeun méré pangartian ngeunaan tindakan-tindakan sosial katut ébréhanana sacara *kausal* (timbang balik) ngeunaan arah jeung *konsekuensi* tina éta tindakan sosial.” Sedengkeun Soejono Soekanto (2004:4) ngébréhkeun yén “Sosiologi mangrupa élmu anu museurkeun perhatianana kana segi-segi kamasyarakatan nu sipatna umum tur ngusahakeun pikeun meunangkeun pola-pola umum tina éta hal.

2.1.2. Objék jeung Ruang Lingkup Sosiologi

Sosiologi mangrupa salah sahiji élmu sosial, tangtuna baé miboga objék panalungtikan. Objék sosiologi nya éta masarakat, disawang tina *sudut pandang* manusa jeung prosés anu muncul tina hubungan manusa dina masarakatna.

Koentjaraningrat dina Wahyuni jeung Yusniati (2004:5) nétélakeun

“Masyarakat adalah kesatuan hidup manusia yang berinteraksi menurut suatu sistem, adat istiadat tertentu yang bersifat berkelanjutan dan terikat oleh suatu rasa identitas bersama.”

Ku kituna, masarakat miboga unsur-unsur, diantaranya:

- a) Aya sajumlahing jalma nu ngumpul di hiji tempat.
- b) Ngayakeun interaksi dina waktu anu lila.
- c) Pola interaksina nurutkeun hiji sistem adat nu tangtu.
- d) Aya *kontinuitas* tina prosés *interaksi* dumasar adat-istiadat.
- e) Kaiket ku rasa jati diri babarengan.

Upama disimpukeun, saenyana sosiologi nalungtik hal-hal ieu di handap:

- a) Hubungan timbal balik antara manusa jeung sasamana.
- b) Hubungan antara individu jeung kelompok.
- c) Hubungan antara hiji kelompok jeung kelompok nu séjénna.
- d) Sipat-sipat tina unggal kelompok sosial nu rupa-rupa jenisna.

Ruang lingkup sosiologi nu mangrupa pangaweruh dasar ngeunaan masarakat diantarana hal-hal ieu di handap.

- a) Posisi jeung peran sosial individu dina kulawarga, kelompok sosial jeung masarakat.
- b) Ajén-inajén jeung norma sosial nu ngadadasaran atawa mangaruhan sikep jeung paripolah hubungan sosial dina masarakat.
- c) Masarakat-masarakat budaya daérah salaku submasarakat jeung kabudayaan nasional Indonésia.
- d) Masalah-masalah sosial budaya nu kapanggih dina kahirupan sapopoé.

2.1.3. Ciri-ciri Sosiologi

Sosiologi mangrupa élmu sosial nu objékna masarakat tur geus miboga unsur-unsur élmu pangaweruh nu ciri-cirina, diantarana:

- a) Miboga sipat *émpiris*, nya éta didadasaran ku obsérvasi atawa panalungtikan jeung akal nu hasilna teu *spékulatif* atawa ngira-ngira.
- b) Miboga sipat *téoritis*, hartina sosiologi mangrupa élmu pangaweruh nu ngusahakeun pikeun nyusun *abstraksi* jeung hasil-hasil observasi atawa panalungtikan.
- c) Miboga sipat *kumulatif*, hartina téori-téori sosiologi diwangun dumasar téori nu geus aya, tuluy diropéa, dijembaran, jeung dilemesan.
- d) Miboga sipat *nonétis*, hartina nu jadi masalah lain hadé goréngna hiji faktor, tapi tujuanana pikeun ngajelaskeun éta fakta sacara analitis atawa ngaliwatan panalungtikan ngeunaan hiji kajadian.

2.1.4. Méthode dina Sosiologi

Saméméh medar méthode nu aya dina sosiologi, bakal diébréhkeun bédana antara méthode jeung méthodologi, ku sabab dua hal ieu sabenerna miboga wangenan nu béda tapi dina ngagunakeunana sok pahili. Méthode nya éta pelaksanaan téknis tina panalungtikanana, sedengkeun méthodologi mangrupa pedaran konsép rupa-rupa méthode.

Sosiologi, dina panalungtikanana ngeunaan masarakat, miboga cara gawé atawa méthode. Dina dasarna mah aya dua rupa méthode atawa cara gawé, nya éta méthode kualitatif jeung méthode kuantitatif.

- a) *Méthode Kualitatif*

Métode kualitatif mangrupa métode nu ngutamakeun bahan nu hésé diukur ku angka-angka atawa ukuran-ukuran séjén nu sipatna éksak, sok sanajan bahan-bahan nu kasebut aya tur nyata di masarakat. Dina istilah Jerman, ieu métode disebutna *verstehen* (ngarti atawa nyangking). Métode nu kaasup kualitatif nya éta:

1. Métode *Historis*, mangrupa métode nu ngagunakeun analisis atawa panalungtikan kana kajadian mangsa katukang nu saterusna dirumuskeun jadi prinsip-prinsip umum.
2. Métode *Komparatif*, mangrupa métode perbandingan antara antara rupa-rupa masarakat tur sagala widangna pikeun meunangkeun sasaruana, bébédaan atawa asal-usul jeung sababna. Sasaruana jeung bébédaan éta pikeun meunangkeun katerangan ngeunaan paripolah masarakat jaman baheula jeung masarakat jaman ayeuna, sarta masarakat-masarakat nu miboga tingkat peradaban nu béda atawa nu sarua.

b) *Métode Kuantitatif*

Mangrupa métode anu ngutamakeun bahan-bahan katerangan ku angka-angka, ku kituna, fakta-fakta sosial nu ditalungtik diukur ku skala indeks, tabél, jeung formula atawa rumus nu sahanteuna ngagunakeun matématika. Métode nu kaasup kana ieu métode nya éta:

1. Métode Statistik, tujuanana nya éta ngajelaskeun gejala-gejala sosial sacara sistematis.
2. Métode Sosiométri, ngagunakeun skala-skala jeung angka-angka pikeun maluruh hubungan antarmanusa dina masarakat.

Sedengkeun numutkeun Soejono Soekanto (dina Wahyuni jeung Yusniati 2004:11), aya sababaraha métode sosiologi dumasar kana penjenisan, nya éta:

- a) Métode déduktif, nya éta métode nu ngagunakeun prosés mikir ti mimiti ébréhan-ébréhan umum (premis mayor) nepi ka ébréhan nu sipatna husus (premis minor).

- b) Méthode induktif, nya éta méthode nu ngagunakeun prosés mikir ti mimiti ngaregepkeun hiji kajadian husus tuluy disimpulkeun sacara umum.
- c) Méthode émpiris, nya éta méthode anu tatapakanana mangrupa kayaan-kaayaan nu dimeunangkeun sacara nyata ti masarakat. Dina sosiologi, ieu méthode diréalisasikeun dina panalungtikan (research) cara maluruh hiji masalah sacara sistematis tur inténsif pikeun meunangkeun pangaweruh leuwih loba ngeunaan éta masalah. Panalungtikan (research) bisa miboga sipat *basic* (téori) jeung *applied* (prakték). Panalungtikan nu sipatna *basic* tujuanana pikeun meunangkeun pangaweruh, sedengkeun panalungtikan anu sipatna *applied* mangrupa panalungtikan nu ditujukeun kana cara ngagunakeun élmu pangaweruh sacara praktis.
- d) Méthode rasionalistis, nya éta méthode anu ngutamakeun pamikiran ku logika jeung pikiran séhat pikeun ngahontal pangartian ngeunaan masalah kamasarakatan.

Salian ti méthode-méthode nu geus dibéjérbéaskeun di luhur, sosiologi ogé sok ngagunakeun méthode fungsionalisme nu tujuanana pikeun nalungtik kagunaan lembaga-lembaga kamasarakatan jeung struktur sosial dina masarakat. Dasar ieu méthode nya éta unsur-unsur nu ngawangun masarakat miboga hubungan timbal balik nu silih mangaruhan, unggal unsur miboga pungsi séwang-séwangan dina masarakat (Wahyuni jeung Yusniati 2004:10-11).

2.2. Ajén-inajén dina Masarakat

2.2.1. Wangenan Ajén

Istilah ajén tangtuna geus dipikanyaho ku jalma umumna, ogé digunakeun dina perkara kahirupan sapopoé. Ajén atawa dina istilah malayuna “nilai” nya éta hiji konsép nu nunjuk kana hal-hal nu dianggap aya hargaan dina kahirupan (Saptono jeung Sulasmono 2006:43).

Anthony Giddens, (1994 dina Saptono jeung Sulasmono, 2006:43) nétélakeun

Nilai adalah gagasan-gagasan yang dimiliki oleh seseorang atau kelompok tentang apa yang dikehendaki, apa yang layak, dan apa yang baik atau buruk.

2.2.2. Ciri-ciri Ajén Sosial

Dina masarakat, umumna aya ajén-inajén anu dianut ku warga masarakat. Ajén-inajén ieu biasana disebut ajén sosial. Ajén sosial umumna miboga ciri-ciri nya éta:

1. Mangupa hasil ciptaan masarakat ngaliwatan interaksi antar-warga masarakat.
2. Sumebar di kalangan warga masarakat ngaliwatan prosés sosialisasi (prosés diajar).
3. Mangrupa bagéan tina usaha minuhan pangabutuh jeung kapuasan sosial.
4. Béda-béda antara masarakat nu hiji jeung nu séjénna.
5. Bisa mangaruhan kamekaran diri masarakat ku tingkatan pangaruh anu béda-béda antar-warga masarakat.
6. Ajén-inajén sosial nu aya dina masarakat, raket pisan kaitanana antara nu hiji jeung nu séjénna.

2.2.3. Pungsi Ajén Sosial

Ajén sosial miboga miboga punksi-punksi nu tangtu. Sababaraha punksi di antarana nya éta:

1. Panuduh pikeun masarakat dina mikir jeung paripolahna.
2. Panangtu pikeun warga masarakat dina nyumponan peranan sosialna, ngadorong/ngamotivasi jalma séjén pikeun lumaku luyu jeung peranana.
3. Alat pikeun numuwuhkeun solidaritas dina masarakat.
4. Alat pikeun ngawas (ngontrol) paripolah manusa ku daya teken jeung daya iket nu tangtu sangkan jalma lumaku dumasar kana ajén anu dianutna.

2.2.4. Rupa-rupa Ajén dina Masarakat

Unggal masarakat miboga ajén sosial. Éta ajén sosial bisa béda-béda antara masarakat nu hiji jeung nu séjénna. Koentjaraningrat (2002 dina Saptono jeung Sulasmono) nétélakeun yén dina masarakat Indonésia aya sababaraha ajén sosial nu dominan boh anu positip ogé anu sipatna négatip. Ajén sosial anu positip di antarana nya éta gawé bareng (gotong royong), silih tulungan, tahan uji, ihtiar, toléransi, jeung kakulawargaan (kebersamaan). Sedengkeun ajén-inajén anu négatip nyakup nyapirakeun, sok tatarabas, teu percaya diri, teu disiplin murni, tur teu daék tanggung jawab (Saptono jeung Sulasmono, 2006 43-45).

2.3. Kabudayaan

2.3.1. Wangenan Kabudayaan

Budaya atawa kabudayaan asalna tina basa Sansekerta nya éta *buddhayah*, nu mangrupa wangun jamak tina kecap *buddhi* (budi atawa akal) dihartikeun salaku hal-hal nu pakuat-pakait jeung budi tur akal manusa. Dina basa Inggris, kabudayaan disebut *culture*, nu asalna tina kecap latin *colere*, nya éta molah atawa migawé. Bisa ogé dihartikeun molah taneuh atawa tatanén. Kecap ieu ogé sakapeung ditarjamahkeun kana kecap “kultur” dina basa Indonésia (Wikipedia.com.)

Saenyana istilah *culture* mimiti diwanohkeun kana basa Inggris ku yasana E.B. Taylor dina karangan nu judulna *Research Into the Early History of Mankind and the Development of Civilization (1865)*. Saterusna ieu istilah dibéjérbéaskeun dina buku anu judulna *Primitive Culture (1871)* anu hartina: *Kasatunggalan anu sagemblengna nu mangrupa pangaweruh, kapercayaan, kasenian, moral, hukum adat istiadat, jeung sakabéh kamampuh sarta kabiasaan nu dimeunangkeun ku manusa salaku anggota masarakat (Tylor, 1871, Jilid 1:1 dina*

Danandjaja, 1984:6). Saméméh istilah *culture* diwanohkeun, aya istilah nu leuwih tiheula muncul pikeun ngagambarkeun kabudayaan, nya éta *folklore* anu diwanohkeun salapanwelas taun katukang. Istilah *culture* mampuh ngagésér *folklore* pikeun ngagambarkeun kabudayaan sacara umum. *Folklore* sorangan leuwih dihususkeun kana kabudayaan nu diwariskeun sacara lisan, sok sanajan aya kénéh nu teu satuju sabab istilah tradisi lisan ngandung harti anu heureut. Tradisi lisan ngan nyakup carita rakyat, tatarucingan, paribasa, jeung nyanyian rakyat; sedengkeun folklor nyakup leuwih ti éta, saperti tarian rakyat jeung arsitéktur rakyat.

Koentjaraningrat, dina Wahyuni jeung Yusniati (2004:119) nétélakeun:

“Kabudayaan adalah keseluruhan sistem gagasan, tindakan, dan hasil karya manusia dalam rangka kehidupan masyarakat yang dijadikan milik dari manusia dengan belajar.

Jadi bisa disimpulkeun yén kabudayaan (budaya) aya dina alam pikiran manusa. Paripolah atawa tindakan jeung barang-barang hasil ciptaan manusa mangrupa perwujudan kréasi manusa salaku mahluk anu berbudaya. Salian ti éta, budaya (kabudayaan) digunakeun salaku padoman atawa acuan tur kasang tukang tindakan manusa pikeun merjoangkeun kalangsungan hirupna. Teu sakabéh nu aya dina kabudayaan bisa diwujudkeun dina wangun paripolah atawa barang. Sabalikna, teu sakabéh paripolah dikatégorikeun salaku perwujudan budaya. Tapi, kabudayaan pasti aya hubunganana jeung prosés mikir manusa saacan ngalakukeun tindakan tur nyiptakeun hiji hal anu digunakeun. Ku kituna, kabudayaan dimeunangkeun ku hiji jalma ngaliwatan prosés diajar dina kahirupan bermasyarakat.

2.3.2. Unsur-unsur Kabudayaan

Kabudayaan miboga unsur-unsur nu ngawangunna. Sababaraha ahli nyebutkeun yén kabudayaan miboga komponén atawa unsur-unsur saperti:

Melville J. Herskovits nyebutkeun yén kabudayaan miboga 4 unsur poko, nya éta:

- Alat-alat teknologi
- Sistem ékonomi
- Kulawarga
- Kakawasaan politik

Sedengkeun Bronislaw Malinowski ngébréhkeun aya 4 unsur nu ngawengku:

- Sistem norma nu ngaminginkeun ayana gawé bareng antara anggota masarakat pikeun adaptasi jeung lingkunganana
- Organisasi ékonomi
- Alat-alat jeung lembaga-lembaga atawa patugas-patugas pikeun pendidikan (kulawarga mangrupa lembaga pendidikan anu utama)
- Organisasi kakuatan (politik)

Unsur-unsur nu kasebut diluhur diklasifikasikeun kana sababaraha rupa unsur kabudayaan, pikeun kapentingan ilmiah jeung analisisna. Unsur-unsur anu poko tina kabudayaan disebutna cultural universals anu hartina, unsur-unsur éta bisa kapanggih dina sakabéh kabudayaan nu aya di dunya.

C. Kluchkhohn dina hasil karyana nu judulna *Universal Categories of Culture* nétélakeun 7 unsur kabudayaan universal (dina Soekanto, 1982:170), nya éta:

1. Alat-alat jeung kalengkepan hirup manusa (pakéan, imah, alat-alat rumah tangga, pakarang, alat-alat produksi, transpostasi, jeung sajabana).
2. Pakasaban hirup sapopoé jeung sistem-sistem ékonomi (tatanén, ingon-ingon, sistem produksi, sistem distribusi, jeung sajabana).
3. Sistem kamasarakatan (sistem kekerabatan, organisasi politik, sistem hukum, sistem perkawinan).

4. Basa (boh lisan ogé tulisan).
5. Kasenian (seni rupa, seni sora, seni gerak jeung sajabana).
6. Sistem pangaweruh.
7. Religi (sistem kepercayaan).

2.3.3. Wujud Kabudayaan

Upama ditilik tur diperhatikeun deui, kabudayaan miboga wujud anu béda-béda. Numutkeun J.J. Hoeningman, wujud kabudayaan dibédakeun jadi tilu saperti dijelaskeun di handap:

- Gagasan (wujud idéal)

Wujud idéal kabudayaan nya éta kabudayaan nu wangunna kumpulan ide-ide, gagasan, ajén-inajén, norma-norma, aturan, jeung sajabana nu sipatna abstrak; teu beunang dirampa. Ieu wujud kabudayaan ayana dina uteuk atawa alam pikiran warga masarakat. Upama masarakat ngébréhkeun gagasanana dina wangun tulisan, hartina lokasi atawa tempat tina éta kabudayaan idéal ayana dina karangan jeung buku-buku hasil karya panulis-panulis éta warga masarakat.

- Aktivitas (tindakan)

Aktivitas nya éta wujud kabudayaan salaku hiji tindakan nu maké pola tina manusa dina éta masarakat. Ieu wujud disebut ogé sistem sosial. Sistem sosial mangrupa aktivitas-aktivitas manusa nu ngayakeun interaksi, ngayakeun kontak sarta gaul jeung manusa séjénna nurutkeun pola-pola nu tangtu tur dumasar kana adat tata kalakuan. Sipatna kongkrit, lumangsung dina kahirupan sapopoé, tur bisa dipaluruh sarta didokuméntasikeun.

- Artéfak (karya)

Artéfact nya éta wujud kabudayaan fisik nu mangrupa hasil tina aktifitas, kalakuan, jeung karya sakabéh manusa dina masarakat nu mangrupa barang atawa hal-hal nu katingali, karampa, tur bisa didokumentasikeun. Sipatna pangkongkritna di antara tilu wujud kabudayaan.

2.3.4. Komponén kabudayaan

Dumasar kana wujudna, kabudayaan bisa dibédakeun kana dua komponén anu utama, (Wikipedia.com) nya éta:

- Kabudayaan matérial

Kabudayaan matérial ngacu kana sakabéh ciptaan masarakat nu nyata tur kongkrit. Nu kaasup kana kabudayaan matérial nya éta temuan-temuan nu dihasilkeun tina arkéologi, contona: mangkok tina taneuh, rupa-rupa perhiasan, pakarang jeung sajabana.

- Kabudayaan nonmatérial

Kabudayaan nonmatérial nya éta ciptaan-ciptaan abstrak nu diwariskeun sacara turun-tumurun ti karuhun, contona: dongéng, carita rakyat, jeung lagu atawa tarian tradisional.

2.3.5. Fungsi Kabudayaan

Kabudayaan miboga fungsi anu kalintang gedéna pikeun masarakat. Kabudayaan nyumponan pangabutuh masarakat kana kapuasan boh dina widang spiritual atawa dina widang material nu sumberna masarakatna sorangan. Hasil karya masarakat ngahasilkeun téknologi atawa kabudayaan barang nu miboga fungsi nu utama pikeun masarakat dina ngajaga masarakat tina lingkungan alamna.

Karsa masarakat, ngawujudkeun norma-norma jeung ajén-ajén kamasarakatan nu kacida pentingna pikeun ngayakeun tata tertib/aturan dina kahirupan masarakat. Karsa mangrupa usaha

manusa pikeun ngajaga diri tina kakuatan séjén nu aya di masarakat. Kakuatan-kakuatan ieu teu salilana hadé pikeun masarakat. Ku kituna manusa ngajaga dirina ku cara nyiptakeun norma-norma atawa kaédah-kaédah nu hakekatna mangrupa pituduh ngeunaan kumaha hirup tur lumaku dina kahirupan sapopoé. Jadi, kabudayaan ngatur sangkan manusa ngarti kana kalakuan, paripolah, tur cara nangtukeun sikep nalika ngayakeun hubungan/interaksi jeung jalma séjén.

Husus dina ngatur hubungan manusa, kabudayaan boga ngaran séjén salaku hiji struktur normatif atawa numutkeun istilah Ralph Linton (dina soekanto, 1982:175) mah *design for living* (garis-garis atawa pituduh pikeun kahirupan). Hartina, kabudayaan mangrupa gurat badag atawa hal anu poko ngeunaan perikalakuan atawa *'blueprint for behavior'* nu netepkeun aturan-aturan ngeunaan naon nu kudu dilakukeun, naon nu teu meunang dilakukeun jeung sajabana (soekanto, 1982: 175-176).

2.3.6. Sipat Hakékat Kabudayaan

Sanajan unggal masarakat miboga kabudayaan anu béda-béda, tapi unggal kabudayaan miboga sipat hakékat nu lumaku sacar umum pikeun sakabéh kabudayaan. Soekanto (1982:177) nétélakeun sipat hakékat kabudayaan nu umum téh nya éta:

1. Kabudayaan mangrupa ngawujud tur disalurkeun tina perikalakuan manusa.
2. Kabudayaan aya leuwih tiheula ti batan hiji generasi nu tangtu, tur moal tumpur lantaran leungitna éta generasi.
3. Kabudayaan diperlukeun ku manusa tur diwujudkeun dina paripolahna.
4. Kabudayaan ngawengku aturan-aturan nu eusina kawajiban-kawajiban, tindakan-tindakan, nu ditarima ogé nu teu ditarima, tindakan-tindakan nu meunang jeung nu teu meunang dilakukeun.

2.4. Kaulinan tradisional

2.4.1. Wangenan Kaulinan Tradisional

Saméméh medar naon anu dimaksud kaulinan tradisional, leuwih tiheula bakal diébréhkeun naon maksud kecap kaulinan jeung tradisional. Dina *Kamus Umum Basa Sunda LBSS*, 'kaulinan' asalna tina kecap 'ulin' anu hartina nyenangkeun haté ku udar-ider atawa ngalampahkeun perkara anu matak resep sorangan atawa jeung babaturan. Sedengkeun 'kaulinan' nya éta perkara nu sok dipaké ulin, kaheureuyan, saperti ucing-ucingan, galah, jst.

Wangenan séjén tina kecap 'kaulinan' nu diébréhkeun ku Depdikbud, nya éta paripolah atawa kalakuan pikeun ngahibur, boh nu ngagunakeun alat atawa nu teu maké alat. Sedengkeun nu dimaksud tradisional di dieu nya éta sagala hal anu diwariskein sacara turun-tumurun ti kolot atawa karuhun. Jadi, nu disebut kaulinan tradisional téh nya éta sagala paripolah/kalakuan boh maké alat atawa henteu nu diwariskeun sacara turun-tumurun ti karuhun salaku sarana pikeun hiburan atawa nyenangkeun haté. Istilah séjén tina kaulinan tradisional nya éta *kalangenan bihari* (Depdikbud, 1987:12).

2.4.2. Kaulinan Tradisional Salaku Folklor Sabagian Lisan

Kaulinan tradisional sumebar sacara lisan ti jalma ka jalma sarta ti generasi ka generasi, tapi disagédeungeun éta aya unsur-unsur anu lain lisan nu nyangkaruk dina kaulinan tradisional. Ku kituna, kaulinan tradisional dikelompokeun kana folklor sabagian lisan dumasar kana pembagian kelompok gedé tina folklor numutkeun Brunvand (Danandjaja,1982:21), anu dibagi kana tilu kelompok nya éta, folklor lisan, sabagian lisan, jeung lain lisan.

Folklor sabagian lisan nya éta folklor anu wangunna mangrupa campuran unsur lisan jeung unsur lain lisan. Wangun-wangun folklor anu kaasup kana kelompok ieu nya éta: kapercayaan rakyat, permainan rakyat, téater rakyat, tari rakyat, adat-istiadat, upacara, pesta rakyat, jeung sajabana (Danandjaja, 1982:22).

Kulantaran kaulinan tradisional mangrupa salah sahiji wangun folklor sabagian lisan. Ku kituna, di unggal wewengkon béda-béda boh ditilik tina ngaran kaulinanana, alatna, jeung aturan-aturanana. Hal ieu dilantarankeun ku prosés sumebarna téa, nya éta lisan. Cara nepikeun hiji jalma ka jalma séjén tangtuna béda-béda, aya nu ngabéjérbéaskeun kalawan jéntré tur sistematis, aya ogé nu ngan nepikeun gurat badagna wungkul. Dina ngaregepkeunna ogé unggal jalma béda-béda. Ku kituna kaulinan tradisional di unggal daérah bisa béda-béda. Salian ti éta, kabudayaan nu dipaké dina hiji masarakat ogé diluyukeun jeung kahayang masarakat nu makéna. Jadi euweuh masalah upama hiji kabudayaan bisa béda-béda di unggal wewengkon, ku sabab kabudayaan mah milik masarakat.

2.4.3. Papasingan Kaulinan Tradisional

Kaulinan tradisional di mana waé ayana, boh keur barudak atawa jalma nu geus gedé/déwasa, biasana dumasar kana gerak awak kayaning lumpat, jeung ngajleng; atawa dumasar kana kagiatan sosial anu basajan saperti udag-udagan/silih udag, susumputan, atawa gegelutan; bisa ogé dumasar kana matématika dasar jeung katerampilan leungeun, saperti ngitung, ngalungkeun batu kana liang nu geus ditangtukeun; atawa deuih, bisa ogé dumasar kana kaayaan untung-untungan, saperti maén dadu (Brunvand,1968:227 dina Danandjaja, 1994:171)

Dumasar kana bébédaan sipat kaulinanana, Roberts, Arth, jeung Bush (1959:597) dina Danandjaja (1994:171) nétélakeun yén kaulinan tradisional (*folk games*) bisa dibagi kana duan

golongan anu gedé, nya éta kaulinan pikeun heureuy/ulin (*play*) jeung kaulinan pikeun tanding (*game*). Nu ngabedakeunana nya éta upama kaulinan pikeun heureuy/ulin sipatna leuwih pikeun ngeusian waktu kosong/euweuh gawé/ngadaweung atawa hiburan sedengkeun kaulinan pikeun tanding/diadu, teu miboga éta sipat, tapi rata-rata ngabogaan lima sipat husus, nya éta:

1. Kaorganisasi (terorganisir)
2. Perlombaan (*competitive*)
3. Kudu diulinkeun ku paling saeutik dua urang
4. Miboga kritéria nu nangtukeun saha nu meunang jeung saha nu éléh, jeung
5. Miboga aturan nu geus disapukan ku kabéhan (peserta).

Salajengna, Robert jeung Sutton Smith (dina Danandjaja 1994:171) nétélakeun yén kaulinan pikeun tanding ogé dibagi kana:

1. Kaulinan tanding/pasanggiri nu sipatna katerampilan fisik (*game of physical skill*),
2. Kaulinan tanding/pasanggiri nu sipatna siasat atawa ngagunakeun stratégi (*game of strategy*), jeung
3. Kaulinan tanding/pasanggiri nu sipatna untung-untungan (*game of change*)

Dina sababaraha sélér bangsa nu masih kénéh tradisional, kaulinan tradisional bisa ogé dipasing-pasing jadi kaulinan tradisional anu sipatna sekulér (kaduniawian) jeung kaulinan tradisional anu sipatna sakral (Danandjaja 1980:297). Salian ti éta, kaulinan barudak, bisa ogé dibédakeun dumasar kana umur (nu geus déwasa jeung barudak), atawa dumasar kana jenis kelamin (lalaki jeung awéwé), dumasar kana kalungguhan di masarakat atawa lapisan sosial (kalangan luhur, ménak, jeung cacah) (Danandjaja 1994:171-172).

Dina kanyataanana, aya sababaraha kaulinan tradisional nu miboga sababaraha sipat sakaligus. Contona, ucing tenir anu salian ti ngagunakeun siasat, ogé mibutuh katerampilan fisik

anu “prima”. Upama nilik kana rupa-rupa kaulinan nu aya di Tatar Sunda, saenyana kaulinan tradisional bisa deui dipasing-pasing dumasar kana lahan atawa tempat ngulinkeunana. Hal ieu bisa dibagi kana dua golongan, nya éta:

1. Kaulinan anu teu ngabutuhkeun tempat husus
2. Kaulinan anu ngabutuhkeun lahan husus pikeun ngulinkeunana (mis. Buruan imah atawa taneuh lapang)

Salian ti éta, kaulinan tradisional ogé bisa dipasing-pasing dumasar kana alat jeung aturanana, nya éta:

1. Kaulinan anu murni mangrupa alat, contona : katépél, rorodaan, langlayangan, jsb.
2. Kaulinan anu mangrupa hiji prosés/aturan tur maké alat, contona : gatrik, congkak, lompat tinggi, jsb.
3. Kaulinan anu ngan mangrupa hiji prosés/aturan, tur teu maké alat, contona : ucing tenir, ucing udag, ucing sumput, jsb.